



Pou Piblikasyon Imedya: 18/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL LANSE YON VIZIT EKOUT NAN TOUT ETA A POU ABÒDE AVNI AGRIKILTÌ NAN ETA NEW YORK

Konvèsasyon tablewonn ak pati konsène yo nan Long Island kòmanse yon vizit nan tout eta a nan seyans ekout yo

Seyans yo angaje ak endistri agrikòl la pou abòde avni kiltivatè ak fèm New York yo

Premye seyans yo pral dewoule nan Konte Suffolk ak Konte Broome

Gouvènè Kathy Hochul te lanse jodi a yon vizit ekout nan tout eta a sou avni agrikilti nan Eta New York. Yon seri seyans ekout pral pèmèt Eta a tandè dirèkteman fèm yo sou priyorite yo nan abòde defi klimatik, mendèv, ak defi ekonomik yo, epi yo pral ede enfòmè priyorite federal Eta a pou finansman enpòtan ak chanjman politik nan domèn agrikilti, nitrisyon, ak anviwònman an. Nan lansman vizit ekout la, Gouvènè Hochul te vizite Bruno Farm nan Konte Suffolk epi li te òganize yon seyans tablewonn ak pati konsène yo nan Long Island Farm Brewery/Water Drinker Family Farm pou tandè kiltivatè yo konsènan siksè yo ak enkyetid yo. Gouvènè a ak Gouvènè Adjwen an pral kontinye vizit yo atravè Eta a nan mwa k ap vini yo, an konjonksyon avèk Seyans Ekout yo ki te òganize pa Komisè Agrikilti a Richard A. Ball, ak plizyè arè ki pwograme pou asire ke kominote agrikilti nan tout eta a gen yon chans pou fè tandè vwa yo.

"Endistri agrikòl New York la esansyèl pou ekonomi nou an, kominote nou yo, ak pou estil lavi nou, epi nou vle asire nou mete yon anfas espesyal sou fèm yo pandan n ap kontinye rekipere apre pandemi an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Fèm nou yo te toujou la pou nou, epi nou bezwen la pou yo, epi seyans ekout sa yo pral ede nou navige defi ak opòtinite nyo an kominote agrikòl la. Mesaj mwen pou fèm yo New York yo, ak pou tout Nouyòkè yo, se sa a: Mwen isit la pou koute nou, pou sipòte nou, ak pou pran mezi sou pwoblèm ki enpòtan pou nou."

"Li enpòtan pou New York travay ak fèm yo pou asire yon avni solid ak dirab pou endistri agrikilti nou an", **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare.** "Pandan tan mwen te nan Kongrè a, youn nan pi gwo priyorite mwen se te travay ak kiltivatè eta nou yo ak defann sipò ki soti nan gouvènman federal la nan alafwa finansman ak politik. Sesyon ekout yo se yon bon fason pou tandè kiltivatè yo dirèkteman sou reyalyasyon

yo ak enkyetid yo, epi diskite sou etap nou ka franchi pou ede amelyore endistri agrikilti a."

Vizit ekout nan tout eta a ofri yon opòtinite pou ofisyèl eta yo ak lidè endistri agrikòl yo pou yo angaje ak tandè elektè yo konsènan enpòtan Farm Bill 2023 (Pwojè Lwa Agrikòl 2023) a pou Eta New York, ak fason li pral ede grandi ak soutni fèm New York yo. Òganize pa Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets, AGM) Eta New York la ak lòt ajans eta yo, vizit la te kòmanse nan Riverhead, Konte Suffolk jodi a nan Suffolk County Community College. Komisè Ball te rejwenn pa Komisè Adjwen Egzekitif Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health NYSDOH) la, Doktè Eugene Heslin, ak reprezantan New York Farm Bureau yo.

Dezyèm seyans lan pwograme pou Binghamton, Konte Broome lendi 25 jiyè a 1:00 p.m. nan Cornell Cooperative Extension Broome County. Komisè Ball pral rejwenn pa avèk patnè eta yo, Prezidan Komite Agrikilti Asanble a, Donna Lupardo, ak reprezantan New York Farm Bureau yo. Patisipan yo ka konfime prezans yo pou seyans Binghamton lan lè yo voye yon imèl nan FarmBill@agriculture.ny.gov.

Yo pral anonse lòt seyans k ap òganize atravè eta a nan semèn kap vini yo. Yo ka soumèt kòmantè ekri yo bay FarmBill@agriculture.ny.gov.

Komisè Agrikilti Eta a, Richard A. Ball, te deklare, "Farm Bill la gen yon gwo enpak sou tout sektè nan kominote agrikòl nou an isit nan Eta New York, epi nou vle tandè patnè nou yo ak moun ki gen enterè yo sou sa ki enpòtan pou yo. Pandan nou nan Albany nou prepare pou defann fèmnye nou yo pandan sezon Farm Bill k ap vini sa a, nou pran kòmantè nou tandè yo trèzoserye epi nou pral sèvi ak yo pou enfòmè priyorite politik nou yo. Mwen ankouraje tout moun pou yo vin jwenn nou nan youn nan seyans yo anonse jodi a oswa pou yo rejwenn nou pou rès ete a ak nan sezon otòn lan pandan n ap vwayaje atravè gwo eta nou an pou nou tandè w."

Senatè Eta Michelle Hinchey te deklare, "Fèmnye New York yo bezwen yon plas reyèl bò tab la nan tout chanm kote yo ap diskite gwo pwoblèm ki defini endistri yo ki pral gen gwo enplikasyon pou agrikilti an jeneral. Vizit ekoute sa yo se yon opòtinite enpòtan pou kominote agrikòl nou an fè tandè vwa yo nan pwosesis ki pwofondman enpòtan pou elabore yon Farm Bill federal 2023 ki mache pou ti kiltivatè ak kiltivatè mwayen New York yo, espesyalman nan yon peyizaj nasyonal ki twò souvan bay priyorite ak gwo kiltivatè agrikòl yo. Mwen pa ka tann pou m tandè yon pakèt pati konsène ki gen temwayaj ki pral ede ranfòse batay nou pou yon Farm Bill federal ki reflekte priyorite Eta New York yo."

Manm Asanble Donna Lupardo te deklare, "Vizit ekout sa yo se yon opòtinite ekselan pou nou tandè dirèkteman pati konsène yo ki pi afekte pa politik agrikòl eta ak federal yo. Feedback yo rasanble pral pèmèt New York devlope priyorite Farm Bill nou yo pou asire ke yo adrese finansman kontinyèl ak defi politi yo. Mwen pa ka tann pou ke yo patisipe anpil nan sa a pou ke nou ka tandè anpil pèspektiv."

David Fisher, ki se Prezidan Biwo Fèm Agrikòl New York (New York Farm Bureau, NYFB), te deklare, "Fam Bill bay finansman enpòtan pou yon kantite pwogram esansyèl ke kiltivatè yo depann de yo, ki gen ladan sipò jesyon risk, asistans pou konsèvasyon, ak rechèch ki nesèsè yo. Nou ankouraje fèmme yo pou yo patisipe nan seyans ekout yo pou ede Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York la priorize bezwen kominote agrikòl divèsifye nou an. New York Farm Bureau remèsye Komisè Richard Ball ak ekip li a dèske yo òganize yon vizit ekout pou tande pèsònèlman sa kiltivatè nou yo apresye nan Farm Bill la."

Yo pral bay kòmantè ki te rasanble pandan vwayaj la pou ede devlope agenda politik Eta New York sou avni agrikilti ansanm ak priorite Eta a pou finansman enpòtan ak chanjman politik yo pandan konvèsasyon renouvèlman Farm Bill 2023 a. Farm Bill se yon lwa ki gen anpil bagay, pou plizyè ane ki gouvènè yon seri pwogram agrikòl ak alimantè. Farm Bill ki pi resan an, Lwa Agrikòl 2018 la, k ap ekspire nan kòmansman 2023.

Domèn kle yo afekte pa Farm Bill la epi yo dwe diskite pandan seyans ekout yo enkli rechèch agrikilti, maladi bèt, konsèvasyon ak rezistans klimatik, sibè sekirite, sekirite alimantè, chanv, espès anvayisan yo, sistèm alimantè lokal yo, Sibvansyon Global pou Kilti Espesyalize, ak pwomosyon komès.

Agrikilti se yon pi gwo motè nan ekonomi Eta New York epi li reprezante yon ti kras plis pase yon ka nan mas tè Eta New York, oswa 2,8 ekta tè, ki dedye a tè agrikòl. Prèske 33,000 fèm famiyal pwodui kèk nan pi bon manje nan mond lan ak Eta a ki klase nan top 10 nan 30 diferan pwodui ki sipòte kominote li yo. New York se pi gwo pwodiktè fwomaj blan, krèm si ak yogout nan Etazini; Eta a klase dezyèm nan siwo erab, pòm, ak chou; twazyèm nan rezen; ak katriyèm nan florikilti. Li klase senkyèm tou nan pwodiksyon pwa vèt, joumou, ak lèt, ki se pi gwo segman nan sektè agrikòl eta a. Prèske 3,500 kiltivatè letye pwodui 15.5 milya liv lèt chak ane nan Eta New York.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)